**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 2**
**(279)**

**Нукус-2025**

иримлари» номли монографиясига бағишланган. Унда (монографияда) ички композиция имконият даражасида маҳорат билан ва талаблар асосида, маросимлар ва иримларнинг фольклор хусусиятларидан келиб чиққан ҳолда тадқиқ қилинган. Шаклантирилган композиция унга хос маъносининг яхлитлигини таъминлайди ва ирим-сиримларнинг ўзига хос ҳусусиятларини тўғри аниқлашга йўл очади. Шу билан бирга, ушбу асарда машҳур файласуфлар ва фольклоршунослар, академик, таниқли археолог, олимлар ва ёзувчиларнинг фикр-мулоҳазалари кенг муҳокама қилинишига тўхталган.


**Синтетическое исследование этнографии и фольклора**

**Утамбетова А.Ж.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

Статья посвящена монографии «Каракалпакские верования и обряды» учёного-фольклориста, доктора филологических наук, профессора К. Палымбетова. В монографии внутренняя композиция построена, насколько возможно, мастерски и в соответствии с требованиями исходя из фольклорных особенностей обрядов и запретов. Сформированная композиция обеспечивает целостность присущей ей смысловой нагрузки и открывает путь к правильному определению характерных особенностей обрядов и запретов. Наряду с этим в данном труде широко обсуждаются высказывания известных философов и фольклористов, академика, выдающегося археолога, учёных и писателей.

**Synthesis Study of Ethnography and Folklore**

**Utambetova A.J.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

The article is devoted to the monograph «Karakalpak Beliefs and Rituals» by the folklorist scholar, Doctor of Philological Sciences, and Professor K. Palymbetov. In the monograph, the internal composition is constructed, as skillfully as possible, in accordance with the requirements and based on the folkloric characteristics of rituals and taboos. The structured composition ensures the integrity of the research work and provides a foundation for accurately identifying the distinctive features of the nature of rituals and taboos. Along with that, this work extensively discusses and references the views and opinions of well-known philosophers and folklorists, as well as those of academicians, renowned archaeologists, scholars, and writers.


---

# ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫ ЖАНРЛАРЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ: 2002–2012-ЖЫЛЛАР


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*


Ҳәр бир жәмийетлик-тарийхый дүзим өзгериўи менен көркем әдебиятта да жаңаланыўлар болады. ХХ әсир соңында, атап айтқанда, 1991-жылдан баслап жәмийетлик турмыстың айнасы болған көркем әдебиятта, соның ишинде поэзияда да үлкен өзгерислер, мазмунлық ҳәм формалық изленислер көзге тасланды. Биз усы 35 жыллық дәўирдеги қарақалпақ поэзиясындағы жанрлардың раўажланыў тенденцияларын хронологиялық жақтан он жыллықларға бөлип, соның ишинде 2002–2012-жыллардағы поэзия жанрларына тән өзгешеликлер, бағдарлар ҳәм шайырлар дөретиўшилигиндеги баслы айырмашылықларды белгилеп көрсетпекшимиз.

Ғәрезсизликтен кейинги дәўирдеги қарақалпақ поэзиясындағы жанрлық өзгешеликлер арнаўлы түрде системалы үйренилмесе де, усы дәўирдеги поэзиялық шығармаларды изертлеўге арналған бир қатар илимий жумысларда олардың предметинен келип шығып, ҳәр түрли аспектлерде белгили дәрежеде дыққат қаратылды [1, 3, 4, 5, 6]. Соңғы отыз жыллық дәўирде Қарақалпақстан турмысындағы сиясий өзгерислер, мәдений тәсирлер, информациялық технологиялар ҳәм жәмийетлик көзқарас сыяқлы факторлар миллий поэзияның да ҳәр тәреплеме жаңаланыўына тийкар болды. Бул жаңаланыўлар 35 жыллық дәўирде тутас тәризде из қалдырған болса да, ҳәр бир он жыллықтың өзине тән улыўмалық раўажланыў өзгешеликлери байқалады. Мәселен, 1991–2001- жыллар: бул дәўирде кеңес идеологиясынан қутылып, халықтың руўхый-мәдений иргетасын қайта тиклеў дәўири болды. Атап айтқанда, Т.Жумамуратов, Б.Қайыпназаров, И.Юсупов, Т.Қабулов, К.Рахманов, Ә.Әжиниязов, Т.Сәрсенбаев, Д.Айтмуратов, К.Кәримов, Ж.Избасқанов, Ҳ.Айымбетов, Ә.Өтепбергенов, Т.Жийемуратов, Н.Төрешова, Х.Дәўлетназаров, С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов, К.Реймов, П.Мырзабаева, М.Жуманазарова, О.Сәтбаев, Б.Сейтаев ҳәм т.б. шайырлар поэзиясында миллий ояныў, тарийхый сана, еркинлик идеялары; ғәрезсизлик, туўылған жер, азатлық, миллий сана, экологиялық машқала темалары; патриотлық пафос, классикалық эпикалық ырғақ (стиль), публицистизм, лирикалық оптимизм сыяқлы стиллик тенденциялар жетекшилик етти.

Буннан кейинги 2002–2012-жыллардағы қарақалпақ поэзиясын раўажланыў өзгешелигине қарай көркем-эстетикалық излениў ҳәм модернизация дәўири болды деп белгилеўге болады. Себеби, бул он жыллықта

ҳақыйқатында да жаңа мың жыллық пенен бирге миллий поэзия да көркем-эстетикалық изленислер ҳәм формалық жаңаланыў дәўирине қәдем таслады. Шайырлар (И.Юсупов, К.Кәримов, Ж.Избасқанов, С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов, Н.Төрешова, Б.Сейтаев, У.Хожаназаров, Ә.Өтепбергенов, Т.Жийемуратов, Ж.Хошниязов, Г.Дәўлетова, ҳәм т.б. "лирикалық мен" арқалы болмыс, ўақыт, инсан тәғдири, руўхыят, тәбият ҳәм инсан бирлиги ҳаққында терең философиялық мазмунлы шығармалар дөретип баслады. Бул дәўирге тән тематикалар болмыс, адамгершилик, дәстүр ҳәм жаңашыллық, ишки дебдиўлер, гүйзелислер болған болса, символизм, метафоралық сүўретлеў ҳәм психологиялық реализм баслы стиллик өзгешелик сыпатында жүзеге шықты.

2013–2025-жыллардағы қарақалпақ поэзиясының жанрлық жақтан көркейиўи, толысыўы ҳәм бағдарлардың көп түрлилик дәўири деп сыпатлаўға болады. Өйткени, бул дәўирде миллий поэзия жанрлық жақтан көп түрлиликке ийе болып, жаңа темалар менен усыллар сәўлелене бастады. Орта ҳәм жас бууын шайырлар да өз жолын тауып, дәстүрийлик пенен модернистлик формаларды үйлестирип, синтезлеп қоллана баслады. Экология, мәдений өзгешелениў, руўхый дағдарыс, қала турмысы темалары постмодерн элементлери, интим лирика, публицистикалық ырғақтағы стиллик тенденциялар менен сәўлеленди. Әсиресе, санлы (цифрлық) поэзия ҳәм визуал көркем-эстетикалық тенденция кең ен жайды. Санлы технологиялардың кең тарқалыўы менен бирге поэзия да өз формасын жаңалап, интернет кеңислигинде белсенди раўажлана баслады. Бунда социаллық тармақлар, электрон мультимедиялық форматлар поэзияның ен жайыў шеңберин кеңейтти. Санлы форматтағы поэзияда қысқа форма, эмоционаллық экспрессия, визуал поэзия сыяқлы формалық өзгешеликлер, жаслар дүньясы, көз-қараслары, ғалабалық бағыт ҳәм ғалабалық сын, инсан ҳәм әлем болмысының дағдарысы сыяқлы тематикалар жетекшилиги байқалды. Сонлықтан, бул жыллардағы қарақалпақ поэзиясы заманагөй талапларға бейимлескен, стиллик ҳәм мазмунлық жаңалықлар менен байыған, глобал өзгерислерге ҳәзиржуўап болған көркем феномен сыпатында қарастырыўға ылайық.

2002–2012-жыллардағы қарақалпақ поэзиясының излениў ҳәм жаңаланыў сыпатына ийе болған басқышында шайырлар тәрепинен тиккелей шығарманың өзегин излеў, қосықлардағы субъективлилик артты. Лирикалық-философиялық бағдар кеңейди. Модернистлик ой сүриў өзгешелиги күшейди. Метафоралық, символлық, ирониялық тил кең қолланылды. Бул дәўирдеги поэзия жанрларындағы жаңаланыўлар жанрдың мазмунында ҳәм формасында, дөретиўши стилинде өзгерислер менен көзге тасланды. Еки қатарлы, үш қатарлы, төрт қатарлы қосықлар (мураббалар), екиликлер, хоккулер, төртликлер, рубайылар, ғәззеллер, фардлар, еркин қосықлар, поэмалар ҳәм т.б. жанрлар ишки ҳәм сыртқы түрлениўлери менен қолланылды.

Жанрлардың ишки түрлениўлери тенденциясына итибар берсек, 2002-2012-жыллар аралығындағы қарақалпақ поэзиясы миллий әдебияттың раўажланыўында әҳмийетли дәўир сыпатында қаралады. Бул ўақыт аралығында поэзияның мазмун структурасында дәстүр ҳәм жаңашыллық синтези бақланады. Бул өз гезегинде әдебий процестиң қурамалы раўажланыўын көрсетеди. Дәстүрий фольклорлық үлгилердиң заманагөй көркем усыллар менен үйлесиўи миллий поэзияның өзине тәнлигин сақлаў ҳәм жаңалаў ўазыйпасын атқарды. Бул дәўирдеги шығармаларда тарийхый-мәдений контексттиң әҳмийети артып, миллий сана-сезим ҳәм ўатансүйиўшилик темалары поэзияның идеологиялық базасын қәлиплестирди. Қарақалпақ халқының тарийхый тәғдири ҳәм миллий қаҳарманларының образлары шығармалардағы баслы мотивлерге айланды (И.Юсупов "Ўатан топырағы", Б.Генжемуратов "Мөде хан сөзи яки Шын жипегиндеги битик", "Қар-Ақ-Алп-Ақ" поэмалар ҳәм қосықлар). Бул тенденция социаллық-психологиялық ҳәм тарийхый-мәдений сыпатларды өз ишине алған миллий поэтикалық пикирлеўдиң қәлиплесиўине тәсир көрсетти.

Сондай-ақ, экологиялық ҳәм социаллық машқалалардың күшейип барыўы қарақалпақ поэзиясының мазмунын кеңейтти. Жәмийеттеги әдилликке, инсаныйлыққа, қоршаған орталықты қорғаўға болған итибар поэзияның социаллық жуўапкершилик ўазыйпасын күшейтти. Бул бағдарда шығармаларда улыўма инсаныйлық идеялар ҳәм этикалық нормаларды жаңаша талқылаў арқалы заманагөй машқалаларды көркем тилде жеткериўге умтылыс гүзетилди.

Модернистлик ҳәм постмодернистлик тенденциялар да қарақалпақ поэзиясының формалық ҳәм мазмунлық жаңаланыўының тийкарғы ҳәрекетлендириўши күши болды. Б.Генжемуратов ҳәм С.Ибрагимов, П.Мырзабаева ҳәм т.б. шығармаларында бул тенденциялар лирикалық субъект ҳәм поэтикалық кеңислик арқалы айқын сәўлеленди. Олар лирикалық қаҳарманның психологиялық ҳалатын, экзистенциаллық тынышсызланыўын, социаллық ҳәм мәдений шегараларды қайта жаратыў кереклигин сәўлелендирди. Бундай поэзияда символизм, ирония, аллюзия сыяқлы постмодернизм усыллары кеңнен қолланылды ҳәм олар қосық

текстиниң көп қабатлы мәнисге (мазмунға) ийе болыўын тәмийинледи. Соның менен бирге, поэзиялық тилдиң қурамы ҳәм стилистикасы қурамаласып, көркем сүўретлеўдиң мәнилик системасы кеңейди. Метафоралық қурылымлардың, өзгешеликлердиң, интертекстлик силтемелердиң қолланылыўы поэзияның идеялық-эмоционаллық тәсирин күшейтти. Бул процесс қарақалпақ поэзиясын илимий изертлеўге жаңа перспективалар ашып, оның миллий ҳәм жәҳән әдебияты контекстиндеги орнын беккемлеўге хызмет етти. Қарақалпақ поэзиясы – миллий тарийхый сананы қайта оятыў менен бирге, поэзияның формалық ҳәм мазмунлық жаңаланыўының көриниси болды. Бул дәўирде әдебият өз дәстүрин сақлаған ҳалда, ҳәзирги заманның қыйын социаллық-мәдений машқалаларын терең ҳәм қурамалы түрде көтериў имканиятына ийе болды.

2002–2012-жыллар аралығындағы қарақалпақ поэзиясындағы жанрлардың формалық қурылысында да динамикалық өзгериў айқын көринеди. Бул дәўир жанрлық экспериментлер ҳәм формалық өзгериўлердиң жеделлиги менен өзгешеленди. Ҳәр бир дәўирге тән болған жетекши жанрлар яки формалар болады. Бул дәўирде жетекши қосық формасы сыпатында төрт қатарлы формада пикирди жеткерип бериў дәстүри сақланды. Ғәззел, рубайы, төртлик, алтылық, еки, үш, төрт қатарлы қосықлар өз әҳмийетин жойтпаған ҳалда және де жаңа жанрлық формалар менен байыды. Бул процесс әдебияттағы тарийхый избе-изликти сақлаған ҳалда жаңа көркем изилениўлерге жол ашты.

Батыс әдебияты ҳәм жәҳән поэзиясындағы насырый қосық формаларының, еркин қосық үлгилериниң қолланылыўы поэзияның жанрлық шегарасын кеңейтип, жанрлық синкретизмге имканият берди. Еркин қосықтың, яғный, верлибрдиң толықлай енгизилиўи шығармалардағы ырғақ, ритмикалық еркинликти түрлендирди.

Шайырлар дәстүрий жанрлық формаларға жаңаша қайта жантасыў арқалы олардың ишки тәбиятын байытыўға умтылды. Мәселен, терме ҳәм толғаў жанрлары халықлық эпикалық ҳәм лирикалық дәстүрлерди сақлаған ҳалда, ҳәзирги заман жәмийетлик ҳәм руўхый машқалаларын терең сәўлелендириў қуралына айланды. Ғәззел ҳәм рубайы сыяқлы классикалық жанрлар жаңа философиялық идеялар менен толықтырылды, бул поэзияның идеологиялық ҳәм эстетикалық әҳмийетин күшейтти. Әсиресе, фард жанры бул дәўирде айрықша раўажланыў жолын баслады. Т.Жийемуратов дөретиўшилигинде фардтың формалық ҳәм мазмунлық имканиятлары терең ашылды. Оның поэзиясында халық нақыл-мақаллары фардтың көркем тийкарын қураўшы жаңа композициялық қурылыс ҳәм стилистикалық усыллар арқалы қайта исленди. Бул жанрда мазмун ҳәм форма арасындағы пүтинлик айрықша дәрежеде тәмийинленди.

Және бир дыққат қарататуғын мәселе – бул дәўирде шайырлардың стильлик изленислердиң тийкарғы факторларының бири сыпатында фольклорлық дәстүрлер жанрлардың раўажланыўында айрықша әҳмийетке ийе болды. Бул дәўир шайырлары ушын фольклор тек сюжетлик ҳәм тематикалық материал дереги емес, ал тиллик, көркемлик ҳәм композициялық қурылыстың тийкары сыпатында хызмет етти. Нәтийжеде фольклор менен жазба әдебияттың синтези стильлик қубылыс сыпатында қәлиплести.

Фолклорлық дәстүрдиң тәсири бәринен бурын тил дәрежесинде көринди. Және де, фольклорлық мотивлер ҳәм символиканың тәсири де айрықша әҳмийетке ийе болды. Шайырлар халық эпослары ҳәм әпсаналарынан алынған образлар ҳәм сюжетлерди қайта тиклеп, оларды ҳәзирги заманымыздың социаллық, философиялық ҳәм экзистенциаллық мәселелерине бағдарлады. Бул процесс поэзиядағы қаҳарман типологиясын байытып, миллий мифологияның метафоралары арқалы шахстың ишки дүньясын сәўлелендириў имканиятын берди.

2002–2012-жыллар аралығындағы қарақалпақ поэзиясының композициялық қурылысындағы эволюция – бул дәстүрий өлшемлик қурылыс пенен композициялық еркинликке қаратылған көркем изленислердиң синтезлесиўи болып есапланады. Классикалық дәстүрде шайырлар көбинесе бармақ өлшеминиң талапларына тийкарланып, қатаң уйқас системасына бойсынған, белгили бир ырғақ тәртибинде дөретилсе, еркин қосық формасы бул өлшемге жүдә бир сай келе бермегеннен соң, еки өлшем формалары үйлесим таўып, жаңа композициялық қурылыста бой көрсетти.

Бул дәўирде жанрлық трансформациялар «дәстан» жанрында кеңнен көзге тасланды. Дәстүрий эпикалық «дәстан» түсиниги тек ғана аўызеки әдебият ҳәм тарийхый-эпикалық сюжеттиң бир бөлеги сыпатында қаралмай, ал лирикалық, философиялық ҳәм драматургиялық элементлерди өз ишине алған, «поэма» жанрының өзгешеликлерин де өзинде жәмлеген қурамалы поэзиялық структураға айлана баслады. Бул процесс қарақалпақ әдебияттаныўында жанрлық теорияны жетилистириўди ҳәм дәстүрий түсиниклерди заманагөй әдебий-сынлық көзқарастан қайта таллаўды талап етти. Нәтийжеде дәстүрий дәстанның шексиз тарийхый ҳәм мәдений әҳмийети қайта ашылып, ол миллий поэзияның жаңаланыўында айрықша роль атқарды.

Ғәрезсизликтен кейинги 15 жыллықтағы өзбек поэзиясы ҳаққындағы мақаласында

И.Ғафуровтың: «арадағы дәуирде жүдә көп тартымлы қосық формалары (атап айтқанда, эпиграмма, станслар, романслар, альбом қосықлар, сиясий лирика түрлери...) жойтылып баратырғаны, миллий поэзия усы сыяқлы (Гейнени Гейне, Пушкинди Пушкин қылған) формалардан пайдаланбай атырғаны оның липаслары ғәзийнесин жарлыландырып қояды. Бул ҳәзирги поэзияда жүдә билинип қалмақта» [2:83], – деген пикири биз сөз етип отырған дәуирдеги қарақалпақ поэзиясы ушын да тән жағдай болды. Бул дәуирде тымсаллар, балладалар, сонетлер дерлик дөретилмеди. Соған қарамастан, 2002–2012-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы миллий әдебияттың тарийхый-мәдений ҳәм эстетикалық раўажланыўында жаңа басқышты белгилеп, дәстүр ҳәм жаңалықлардың өз-ара үйлесими арқалы поэзиялық жанрлардың мазмунын ҳәм формасын байытты. Бул дәўир миллий әдебияттың мазмунлық-эстетикалық әҳмийетин беккемлеп, қарақалпақ поэзиясы жанрларын әдебий кеңисликте мүнәсип орынға көтерди.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Гайлыева У. Ғәрезсизлик дәуири түркий халықлар лирикасында формалық изленислер ҳәм олардың типологиясы (Өзбек, қарақалпақ, түркмен лирикасы мысалында). – Нөкис: Билим, 2018. – 216 б.
2. Ғафуров И. Кейинги ўн беш йил ичида. / Мустақиллик даври адабиёти. – Ташкент: Ғафур Ғулом номидаги нашриёт-манбаа ижодий уйи, 2006. – 82-84-бб.
3. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәуирдеги қарақалпақ лирикасында көркем изленийўшилик. – Нөкис: Билим, 1992. – 124 б.
4. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). Монография. – Нөкис: Билим, 2004. – 188 б.
5. Пахратдинов Д.И. Юсупов лирикасында төртликлер. – Нөкис: ҚМУ. 2005. – 30 б.
6. Тлеуниязова Г. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында композициялық изленислер. – Ташкент: Lesson Press. 2022.


**Қорақалпоқ поэзияси жанрларининг ривожланиш тенденциялари: 2002–2012 йиллар**


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*



Мақолада 2002–2012 йиллар оралиғидаги қорақалпоқ шеърияти жанрларининг ривожланиш тенденциялари комплекс тарзда таҳлил қилинади. Тадқиқот тўртта асосий жиҳатни ўз ичига олади: ғоявий-тематик йўналишлар, жанрий-шаклий трансформациялар, услубий-лисоний хусусиятлар ва композицион қурилишдаги янгиликлар. Муаллиф жанр чегараларининг кенгайиши ва экспериментал шаклларнинг шаклланиши орқали поэзиянинг мазмуний кенглиги ва услубий қатламининг сезиларли даражада бойиганини далиллайди. Ушбу тадқиқот қорақалпоқ миллий шеъриятининг XXI аср бошидаги ривожланишини ҳар томонлама тушунишга, унинг анъанавий ва замонавий адабий жараёнлар билан алоқасини аниқлашга қаратилган. Шунингдек, мақолада муаллиф миллий адабиётнинг глобал поэтик жараёнлардаги ўрнини, унинг жанрий ва услубий янгиланишини назарий жиҳатдан асослайди.


**Тенденции развития жанров каракалпакской поэзии: 2002–2012 гг.**


**Тлеуниязова Г.Б.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*



В статье комплексно анализируются тенденции жанрового развития каракалпакской поэзии в период с 2002 по 2012 год. Исследование охватывает четыре основных аспекта: идейно-тематические направления, жанрово-формальные трансформации, стилистико-языковые особенности и новшества в композиционном построении. Автор доказывает значительное обогащение содержательного пространства и стилистического пласта поэзии посредством расширения жанровых границ и формирования экспериментальных форм. Данное исследование направлено на всестороннее понимание развития каракалпакской национальной поэзии в начале XXI века и выявление ее связи с традиционными и современными литературными процессами. В статье также рассматривается роль национальной литературы в глобальных поэтических процессах, ее жанровое и стилистическое обновление.


**Development trends of Karakalpak poetry genres: 2002–2012**


**Tleuniyazova G.B.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*



This article comprehensively analyzes the development trends of Karakalpak poetry genres between 2002 and 2012. The research encompasses four main aspects: ideological and thematic directions, genre-formal transformations, stylistic and linguistic features, and innovations in compositional structure. The author argues that the expansion of genre boundaries and the formation of experimental forms have significantly enriched the semantic breadth and stylistic layer of poetry. This research aims to comprehensively understand the development of Karakalpak national poetry at the beginning of the 21st century and to determine its connection with traditional and contemporary literary processes. The article also examines the role of national literature in global poetic processes and its genre and stylistic renewal.